

## **Eske ICE chanje aplikasyon lalwa yo pandan COVID-19 lan?**

Pou asire byennèt ak sekirite piblik la anjeneral ansanm ak ofisye ak ajan yo nan sa ki gade repons sou pandemi aktyèl COVID-19 lan, Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn Ozetazini pral ajiste pozisyon ranfòsman li yon tanporèman, apati jodiya, 18 Me 2020. Pi gwo priyorite ICE se ankouraje aktivite sou sove lavi ak sekirite piblik.

Operasyon Ranfòsman ak Depòtasyon ICE yo (ERO) pral konsantre sou aplikasyon lalwa sou risk sou sekirite piblik ak sekirite nasyonal ak moun ki sijè a detansyon obligatwa dapre kèk rezon kriminel. Pou moun sa yo ki pa enkli nan kategori sa yo, ERO pral itilize diskresyon pou ralanti aksyon ranfòsman jouk apre kriz la oswa itilize kèk altènatif kont detansyon, jan sa apwopriye.

Ankèt Sekirite Teritoryal yo pral kontinye pouswiv misyon kritik sou investigasyon kriminel yo ak operasyon ranfòsman jan yo ta detèmine l nesèsè pou sovga sekirite piblik la ak sekirite nasyonal. Egzanp yo enkli investigasyon sou eksplwatasyon timoun, gang, trafik dwòg, trafik moun, kontrebann moun epi patisipasyon kontinyèl nan Gwoup Travay Konjwen sou Teworis la. Travay sa a li pral fèt dapre kapasite pou kowòdone epi travay ak komisè Depatman Jistis yo epi admisyon nan Sèvis U.S. Marshals ak Biwo Prizon yo.

Konsistan ak règleman sou sansiblite lokal yo, pandan kriz COVID-19 lan, ICE pa pral mennen operasyon ranfòsman nan oswa toupre etablisman swen sante yo, tankou lopital, biwo doktè, klinik sante akredite ak etablisman swen sante ijan oswa kritik, eksepte nan sikonstans ki pi ekstraòdinè yo. Moun pa ta dwe evite chache swen medikal paske yon pè ranfòsman imigrasyon sivil.